

18 out

Pa mete konfyans nou nan moun parèy nou ! Talè yo ka pèdi souf yo, yo ka mouri ! Lè sa a, kisa yo ka fè pou nou ankò ? Ezayi 2. 22

Tounen vin jwenn mwen pou nou ka delivre, nou tout ki ret sou latè ! Paske se mwen ki Bondye. Pa gen lòt ! Ezayi 45. 22

Yon mesaj ki sòti nan syèl la

Linivè se yon gran gran liv ki toujou louvri devan mwen. Li fè m dekouvri ak konfizyon pouvwa pèsonaj ki pap janm fini an, ki kreye l la, ak nati divin li (Women 1. 20). Men, linivè a pa fè m konnen sa m ye a pou Bondye. Kilès ki ka fè m konnen sa ? Mwen ka pliye sou mwen menm, m ka chita ap panse, akize tèt mwen pou aksyon mwen yo. Alò mwen wè kilès mwen ye dapre mwen menm. Men, m pa konnen kisa Bondye panse de mwen. Sèl li menm ka revele kilès li ye, e kilès mwen ye. Li fè sa nan yon liv, yo rele “Labib”.

Bib la di : “Yo tout pèdi chemen yo, yo tout lage kò yo nan vis, pa gen yonn ladan yo ki fè sa ki byen” (Sòm 14. 3). Mwen dwe aksepte sa avèk imilite, san m pa kache l.

Bib la deklare ke *Bondye sen*, li pafè, li pa gen okenn sa ki mal nan li. Konsa, bagay ki mal pa ka parèt nan prezans li. Donk, li enposib pou lòm akoz peche li, antre nan relasyon ak Bondye.

Men, Bib la pa konstate sèlman echèk lòm nan relasyon li ak Bondye. Li pote tou mesaj gras la. Si li di m pèdi akoz peche, li revele m tou, mwen kapab sove grasa Jezi Kris. Li montre m mizè mwen, men li fè m konnen tou, gras Bondye depase pisans peche mwen yo. Bib la kondane m, men si mwen rekonèt eta mwen e si mwen kwè nan Jezi Kris, li asire m ke san Kris ki te koule sou kwa a, lave m, mwen jistifye devan Bondye e li adopte mwen kòm pitit li renmen anpil. Bondye mete men l nan maleng mwen an ki te tèmman pirilan e santi, pèsonn pa t ka pwoche pre li, men Bondye pa t sèlman manyen li, men li te geri li nèt.

18 août

Finissez-en avec l'homme, dont le souffle est dans ses narines, car quel cas doit-on faire de lui ? Ésaïe 2. 22

Tournez-vous vers moi, et soyez sauvés... car moi, je suis Dieu, et il n'y en a pas d'autre. Ésaïe 45. 22

Un message venu du ciel

L'univers est un livre immense continuellement ouvert devant moi. Il me fait entrevoir la puissance éternelle et la divinité de son auteur (Romains 1. 20), mais il ne me dit pas ce que je suis pour Dieu. Qui peut me le montrer ? Je peux bien me replier sur moi-même, examiner mes pensées, analyser mes sentiments, juger mes actes. Je vois alors ce que je suis à mes propres yeux, mais je ne sais pas ce que Dieu pense de moi. Lui seul peut me révéler à la fois ce qu'il est et ce que je suis. Il le fait dans un livre, la Bible.

La Bible déclare : "Ils se sont tous détournés, ils se sont tous ensemble corrompus" (Psaume 14. 3). Je dois reconnaître cela humblement, sans le cacher.

La Bible déclare que *Dieu est saint*, il est parfait, pur, heureux en lui-même. Le mal ne peut pas se trouver en sa présence. Il se doit de le juger. Tel que je suis, il m'est donc impossible d'entrer dans une relation heureuse avec Dieu.

Mais la Bible n'en reste pas à ce constat d'échec. Elle présente aussi un message de grâce. Si elle affirme que je suis perdu à cause du péché, elle me dit aussi que je peux être sauvé par Jésus Christ. Elle me montre ma misère morale, mais en même temps la grâce de Dieu plus grande que ma misère. Elle me condamne, mais si je reconnais mon état et si je crois en Jésus Christ, elle m'assure que je suis lavé par le sang de Christ versé à la croix, justifié devant Dieu et adopté par lui comme son enfant bien-aimé. Dieu met le doigt sur la plaie hideuse de mon péché, mais ensuite il guérit parfaitement la blessure.